

Divèsifye Mendèv Ou



Reyadaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki kalifye ki gen andikap fizik oswa mantal jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl ede antrepriz jwenn talan.

Jwenn anplwaye ki kalifye epi ki fyab se youn nan pi gran defi anpil chèf antrepriz dwe leve. Si w ap chache divèsifye mendèv ou, pa chache pi lwen pase VR. Rezèv talan VR la gen enèji ak konpetans ou vle a, ak kapasite, kalifikasyon ak fyabilite ou bezwen an.

Yo lwayal, yo bay travay la tout yo menm epi yo pami anplwaye ki pi fyab ou kapab jwenn. VR gen kandida kalifye ki gen yon andikap epi ki pare pou travay. Ou kapab benefisye sipò pou fòmasyon anplwaye ou ka genyen tou. Pwogram On-the-Job Training (Fòmasyon Nan Espas Travay, OJT) VR la ede patwon ak anplwaye prepare pou travay yo swete a.

Sèvis Antrepriz Reyadaptasyon Pwofesyonèl

VR kapab ede ou jwenn anplwaye ki fyab pou bezwen konsènan pèsònèl. Se yon sitiyasyon ki benefik ni pou anplwaye ni pou patwon.

Òf Sèvis Antrepriz Reyadaptasyon Pwofesyonèl

- Kandida ki kalifye.
- Èd teknik ak konsèy sou lojman, si sa nesèsè.
- Konsiltasyon sou Lwa Ameriken konsènan Andikap, tankou konsèy pou entèvyou.
- Fòmasyon sou Sit pou Sansibilizasyon sou Andikap.
- Ranbousman frè pou Fòmasyon nan Espas Travay, ni salè estajyè ak frè lojman ki nesèsè.
- Pwoteksyon kont Aksidan nan Travay pou granmoun ak jèn ki patisipe nan estaj.

Reyadaptasyon Pwofesyonèl afilye ak:



Pa gen okenn frè pou sèvis antrepriz.

Redui frè rekritman ak fòmasyon.

Benefisyè ensitasyon fiskal federal, lè yo disponib, pou patwon ki anplwaye moun ki gen andikap nan pòs pèmanan.

Verifye si travay la ak antrepriz la byen koresponn ak anplwaye ou ka genyen an apati On-the-Job Training VR la.

Ogmante revni ou lè ou gen yon espas travay ki reflekte kliyan ou sèvi yo. Ou anplwaye moun ki gen andikap sa kontribye nan jere revni paske sa pèmèt ou eksplwate mache moun ki gen andikap, fidelize mak epi kreye nouvo pwodui ak sèvis.

Kreye pwosesis travay ki pi efikas, tankou jan Walgreens ak A&F Woods Company fè l lè yo loje travayè yo ki gen andikap epi yo konstate gen yon ogmantasyon global nan pwodiktivite a.

Avantaj pou Anplwaye

Resous pou Kòmanse

- Mande yon rankont ak yon Reprèzantan Relasyon Komèsyal VR.
- Jwenn enfòmasyon sou resous konsènan andikap sou AbilitiesWork.EmployFlorida.com.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3399
800-451-4327

Rele Videyo ak Florida Rele 711 Sevis ki disponib



850-245-3394



VRBusinessRep
@vr.fldoe.org



www.RehabWorks.org



Florida Department of Education
Division of Vocational Rehabilitation
325 W. Gaines Street
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.